

Pwodyi pou chase moustik

February 2015 | Page 1 of 3

Kisa pwodyi pou chase moustik ye ?

Yon **pwodyi pou chase moustik** se yon pwodyi ou mete sou po w, rad ou, ak lòt bagay ki dekoutraje moustik pou yo poze epi mache sou yo.

Pou ki pou mwen sèvi ak yon pwodyi pou chase moustik ?

Moustik ka pwopaje viris ki bay gwo maladi grav. Nan leta Massachusetts, maladi moustik pwopaje se viris Nil Oksidantal la (VNO) epi ansefali ekin nan lès (EEE). Pwodyi ki chase moustik ka bese chans ou genyen pou yon moustik pike w epi li ka bese chans pou w trape youn nan maladi sa yo.

Ki lè pou mwen sèvi ak yon pwodyi pou chase moustik ?

Se pou w sèvi ak yon **pwodyi pou chase moustik** depi w pa andedan epi depi gen moustik. Se pito lè solèy leve ak lè solèy kouche ke moustik pi plis gen aktivite, kwak gen kèk kalite moustik ki ka soti tou lajounen. An jeneral moustik kòmanse vin gen aktivite nan kòmansman oubyen nan mitan sezon prentan epi yo kontinye aktif jislè kòmmanse gen glas (lè atè a glase).

Èske w konnen sa ?


Chak lane depi apeprè fen mwa me jis nan premye gwo glas, nou ranmase echantyon moustik nan plizyè kote atravè leta a pou n fè tès viris VNO ak viris EEE. Nan sezon moustik, se pou w ale sou sit MDPH la nan www.mass.gov/dph/wvn pou w wè ki kote nou te jwenn echantyon moustik ki pozitif.

Ak ki pwodyi pou chase moustik pou m sèvi ?

Gen diferan pwodyi pou diferan bèt. Li enpòtan pou w li ki engredyan aktif ki make sou etikèt pwodyi a. Pwodyi pou chase moustik ki gen **DEET** (N,N-dyetik-m-tolyamid), **pèmetrin**, **IRS3535** (Beta-[N-bitil]-alanin) oubyen **pikaridin** (KBR 3023) ofri pwoteksyon piki moustik. Lè fini, nou wè ke **luil ekaliptis sitwon** [p-metàn 3, 8-dyòl (PMD)] ofri menm kantite pwoteksyon ak ti konsantrasyon DEET pou moustik ki gen isit nan peyi Etazini.

Li entèdi pou sèvi ak pwodyi ki gen **DEET** sou tibebe ki poko gen laj 2 mwa. Timoun ki fin gen laj de mwa sipoze sèvi ak pwodyi ki gen konsantrasyon DEET ki 30% oubyen ki mwens. Pwodyi ki gen DEET disponib nan fòmil jis nan 100% DEET, kidonk se pou w toujou li etikèt pwodyi a pou w detèminen ki pousantaj DEET ki ladan l. Pwodyi ki gen konsantrasyon DEET ki pi wo pase 30% pa ofri plis pwoteksyon, men yo mache pi lontan. Nan yon etid pou n wè pou konbyen tan diferan konsantrasyon DEET mache pou yo chase moustik, rezilta yo te montre se ant 1½ è a 5 è. Toutfwa, longè tan pwoteksyon an diferan dapre tanperati, transpirasyon epi kontak ak dlo moun lan.





Pwodyi ki gen **pèmetrin** sipoze itilize sou bagay tankou rad, soulye, moustikè kabann ak ekipman pou kanpin men se pa pou w itilize yo sou po w. Se pou w mete pèmetrin lan sou rad ou anvan ou mete rad la sou ou epi se pou w syiv enstriksyon pwodyi a.

Pwodyi ki gen **luil ekaliptis sitwon** pa sipoze itilize sou timoun ki poko gen laj twa zan.

Toujou byen sèvi ak pwodyi pou chase moustik

- Byen syiv enstriksyon ki make sou etikèt pwodyi a. Depi w gen kesyon apre ou fin li etikèt la, tankou pou ki kantite tan pwodyi a mache, oubyen si epi ki lè pou w remete pwodyi a, se ak konpayi fabrik la pou w pran kontak.
- Pa sèvi ak pwodyi pou chase moustik anba rad ou.
- Pa sèvi ak pwodyi pou chase moustik sou blesi oubyen sou po ki irite.
- Pa sèvi ak pwodyi pou chase moustik pre bouch ou epi pre zye w e pa mete twòp bò zòrè ou yo. Lè w ap sèvi ak pwodyi ki pou espres, se pou w espres pwodyi a nan men w an premye, epi mete li sou figi w apres.
- Se pou w sèvi ak ase pwodyi pou w kouvri, lejèman, po w ki pa kouvri ak/oubyen rad ou. Menm si ou mete anpil nan pwodyi a li p ap fè pwodyi a mache pi byen.
- Pa kite timoun manyen pwodyi a. Lè w ap sèvi ak pwodyi a sou timoun, se pou w espres pwodyi a nan men w an premye, epi se pou w fwote men w apre sou figi timoun lan. Pa mete pwodyi pou chase moustik sou men yon timoun.
- Lè w rantre andedan, se pou w lave men w ak tout rad ou yo ki te gen pwodyi pou chase moustik sou yo.
- **Si w vin gen yon demanjezon oubyen lòt sentòm ou kwè se pwodyi ki chase moustik la ki fè sa**, se pou w sispann sèvi ak pwodyi a, se pou w lave kote sou po w lan ak savon epi ak dlo, epi se pou w rele doktè a oubyen sant kontwòl pou pwazon an. Si se nan doktè ou deside ale, se pou w ale ak pwodyi a pou w montre l bay doktè a.

Èske pwodyi pou chase moustik « natirèl » bon tou ?

Gen plizyè kalite pwodyi ki fèt ak plant ki ka chase moustik, tankou luil ekaliptis sitwon ak IR3535. Pa gen anpil enfòmasyon sou kijan anpil nan pwodyi sa yo mache epi si yo pa gen danje. Enfòmasyon ki disponib montre kijan anpil nan pwodyi sa yo, an jeneral, pa ofri menm kantite longè tan pwoteksyon epi menm nivo pwoteksyon ak pwodyi tankou DEET ak pèmetrin ; eksepte pou luil ekaliptis sitwon ak IR3535, ke n konnen ofri menm kantite pwoteksyon ak ti kansantrasyon DEET.



Mwen pè sèvi ak pwodyi pou chase moustik sou tibebe m lan. A ki lòt mwen ka sèvi pou pwoteje tibebe m lan pou moustik pa pike l ?

Moustik pi plis aktif ant lè solèy leve ak lè solèy kouche, kidonk eseye pa soti deyò ak tibebe a lè sa yo. Depi tibebe a pa andedan kay, se pou w sèvi ak yon moustikè sou charyo tibebe a oubyen sou pak tibebe a epi se pou w wè si l ta pi bon si w te antre andedan.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?

- **Pou plis enfòmasyon sou pwodyi pou chase moustik (tankou kijan pou chwazi pi bon pwodyi pou chase moustik, kijan pou sèvi ak pwodyi sou timoun ak fi ki ansent, oubyen enfòmasyon toksikoloji detaye),** se pou w rele gratis National Pesticide Information Center (NPIC) nan 1-800-858-7378 oubyen ale anliy nan npic.orst.edu/wnv/pesticideinfo.htm#repellents.
- **Si w gen kesyon sou ki efè pestisid gen sou sante,** se pou w pran kontak ak MDPH, Sant pou sante anviwònman an nan **617-624-5757**.
- **Si w gen kesyon sou maladi moustik pwopaje,** se pou w rele MDPH, Divizyon epidemyoloji ak vaksinasyon nan **617-983-6800** oubyen anliy nan www.mass.gov/dph.

